

PWOTEJE FANMI W



Kouvri!

- ✓ Mete chemiz manch long avèk pantalon long.
Ti bebe ak timoun piti yo ta sipoze abiye ak rad ki kouvri kò yo plis ke posib.
- ✓ Dòmi anba yon moustikè.



Mete pwodwi pou pouse moustik

(Wi, li san danje epi l ap travay!)

- ✓ Toujou swiv enstriksyon yo ki sou etikèt la.
- ✓ Remete pwodwi ki pouse moustik jan yo mande w mete l la.
- ✓ Aplike yon pwodwi pou pouse moustik ki anrejistre nan Ajans Pwoteksyon Anviwonman (EPA) ki gen ladann youn nan engredyan aktif sa yo: DEET, picaridin, IR3535, lwil ekaliptis sitwon oswa para-menthane-diol.
- ✓ Si ou itilize tou pwodwi pou pwoteksyon kont solèy, mete pwodwi pou pwoteksyon kont solèy la anvan epi pwodwi pou pouse moustik la an dezyèm.

Pwoteje ti bebe oswa jèn timoun ou



- ✓ Toujou swiv enstriksyon yo lè w ap aplike pwodwi pou pouse moustik yo sou timoun yo.
- ✓ Kouvri bèso a, pousèt la, epi chèz ou pote ti bebe a ladann lan ak you moustikè.
- ✓ Granmoun yo: Toujou swiv enstriksyon yo sou etikèt la. Flite pwodwi ki pouse moustik la sou men ou yo epi aplike sou figi timoun nan. Pa aplike pwodwi ki pouse moustik la sou men timoun yo, bouch yo, blese sou po yo, oswa sou po ki irite.

Itilize pwodwi pou pouse moustik la san danje

- ✗ Pa flite pwodwi ki pouse moustik la sou po anba rad.
- ✗ Pa flite pwodwi ki pouse moustik la sou ti bebe ki gen laj mwens pase 2 mwa. Pa itilize pwodwi ki gen ladann lwil ekaliptis sitwon oswa para-menthane-diol sou timoun ki gen laj mwens pase 3 zan.



U.S. Department of
Health and Human Services
Centers for Disease
Control and Prevention

Pou plis enfòmasyon:
www.cdc.gov/zika